develop a vocabulary field on the topic, provide a definition of the concept, etc.

The thesaurus is developed in accordance with the proposed topic and can include different types of lexical units of different stylistic coloring: single words (nouns, adjectives, verbs, adverbs), phrases, abbreviations. For example: *Interesting words, t; the Entziehung of the Vertretungsmacht; betrauen; Betaubungsmittelrecht, n; Schwarzhandel, m; Kronzeuge, m; the Abweichung vom Vertrag; Amtsgericht, n; Ef. = Erbfolge; rechtsmaBig; SchG = Schoffengericht, n; Vn. = Vorname; fahrlassig handeln.*

It is impossible to develop professional intercultural competence without using foreign-language authentic and synthetic texts. Let us give an example of one of them. *On Sunday, 21.04, at 06.00, we chose to take an unspoken lesson 6 times a week at the Babylon discotheque, Wanner Strasse 110, in Gelsenkirchen.*

The following forms of classes are offered for mastering the course:

— classroom group classes under the guidance of a teacher, including taking into account individual characteristics and professional needs,

— mandatory independent work of the student on the assignment of the teacher, performed outside of class time (for example, scientific and creative tasks to search for materials to assess a specific legal situation, prepare a report on a problem of jurisprudence),

— individual independent work of the student under the guidance of a teacher (for example, preparing a report on a proposed topic),

— various individual consultations (for example, on problems of mastering standard pronunciation, the use of grammatical phenomena characteristic of the language of law).

We believe that all of the above will be able to intensify the search for acceptable solutions in teaching German to Karakalpak groups. This is a social order and motivation for learning a language, the material base, the direct content of the curriculum, the level of training of teaching staff, and the level of knowledge of students.

**Conclusion.** As our German language learners need to increase their skills, we are doing our best to create and design materials and tasks that will help learners focus their attention on key vocabulary, reading, writing and speaking, require learners to retrieve the forms and meanings of the new words, and identify and develop a personalized inventory of strategies for learning. Our ultimate goal is to help our students be active learners after they leave our classrooms. Didactic requirements related to the creation of new generation educational literature should include and take into account the basic principles of the educational process (the principle of self-activation and spontaneity, the principle of interaction and communication, the principle of relevance and completeness), didactic values and principles (the principle of age appropriateness, the principle of systematization and gradualness, the principle of obviousness, the principle of rationality, the principle of individualism), educational processes at different stages of development (analysis and synthesis, concretization and generalization, induction and deduction, systematization and classification), values and principles of teaching (mandatory interdependence of teaching and education, observation, the principle of active learning), they also include compliance with the periodization of the lesson (introduction, implementation, confirmation of knowledge, practice, repetition and assessment).

**References**

1. Galskova, N.D. Methods of Teaching Foreign Languages: Yesterday, Today, Tomorrow // Theory and Practice of Teaching Foreign Languages: Preserving Traditions and Looking to the Future: Collection of Scientific Articles. Gomel, 2016. -P. 9-13.

2. Passov E.I., Kuznetsova, E.S. Formation of Lexical Skills. Voronezh: Intrelingva, 2002. -P. 40.

3. Vladimirova L.P. Problems of Teaching Foreign Languages in the Era of Globalization // Bulletin of PNRPU Problems of Linguistics and Pedagogy. 2016. №. 3. -P. 110.

4. Bim I.L. Theory and Practice of Teaching German in Secondary School. -Moscow: «Prosveshchenie», 1988. -P. 58.

5. Serova T.S. Professionally-oriented integrative interconnected teaching of foreign languages and disciplines of natural science and general technical cycles at the first stage of the bachelor's degree at the Polytechnic University. P. 73-125 // Integrated teaching of foreign languages and professional disciplines. Experience of Russian universities / edited by L. P. Khalyapina. St. Petersburg: Publishing house of the Polytechnic University, 2018. -P. 74.

**REZYUME.** Akademik litseylarning qoraqalpoq guruhlari oʻquvchilariga nemis tilini oʻqitish mazmuni turli obyektiv va subyektiv omillar bilan belgilanadi. Maqolada hozirgi kunda litseylarda chet tillarini oʻqitishda qoʻllanilayotgan metodlar taqqoslangan. Ushbu maqolada Oʻzbekiston Respublikasi akademik litseylarida oʻquvchilarga chet tilini oʻqitish va oʻrgatish masalalari koʻrib chiqilgan. Muallif kurs mavzusini taklif qiladi, topshiriqlarning mumkin boʻlgan turlari va mashgʻulotlarni oʻtkazish shakllarini koʻrib chiqadi.

**РЕЗЮМЕ.** Содержание преподавания немецкого языка учащимся каракалпакских групп академических лицеев определяется различными объективными и субъективными факторами. В статье сравниваются методы преподавания иностранных языков, используемые в настоящее время в лицеях. В данной статье рассматриваются вопросы преподавания и обучения иностранному языку учащихся академических лицеев Республики Узбекистан. Автор предлагает тему курса, рассматривает возможные виды заданий и формы проведения занятий.

**SUMMARY.** The content of teaching students of Karakalpak groups of academic lyceums the German language is determined by various objective and subjective factors. The article compares the methods of teaching foreign languages currently used in lyceums. The author suggests the topic of the course, considers possible types of assignments and forms of conducting classes.

## QARAQALPAQ XALÍQ DÓRETPELERI TIYKARÍNDA JASLARDÍ ÁDEP-IKRAMLÍLÍQQA TÁRBIYALAW DÁSTÚRLERI

**A.T.Saparov –** *úlken oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch soʻzlar:** odob-axloq, yosh avlod ta’rbiyasi, qoraqolpoq xalq ijodiyati, oyla, oʻqish muasassalari, ta’lim-ta’rbiya

**Ключевые слова**: нравственность, воспитание молодого поколения, каракалпакские народные сходы, семья, места учёбы, образование-воспитание.

**Key words:** morality, education of the younger generation, Karakalpak people's gatherings, family, places of study, education morality.

Ádep-ikramlılıq jámiyetlik sana formalarınan biri bolıp, arnawlı bir jámiyette jasawshı insanlar ámel etiwi kerek bolğan málim bir is-háreket qağıydaları jıyındısı esaplanadı. Ádep-ikramlılıq adamlardıń bir-birine, jámiyetke, mámleketke, xalıq múlkine, shańaraqqa, islep shığarıw qurallarına, miynet ónimleri hám tağı basqalarğa qatnasın arnawlı bir tártipke salatuğın minez-qulıq qağıydaları sıpatında da kórinedi. Ádep-ikramlılıq insannıń jámáát, el-jurt arasında ózin tutıw, basqalar menen qanday qarım-qatnasta bolıw, óz ómirin hám bos waqıtın durıs jolğa qoyıw, minez-quliq, júris-turıs hám is-háreketlerin tártipke saladı.

“Perzent – ata-ana qolındağı amanat”,- onıń kewli bezew berilmegen gáwharğa uqsaydi. Gáwharğa túrli nağıslar salıw múmkin bolğanı sıyaqlı, bala kewline de túrli pikirler nağısın salıw múmkin. Bala kewili taza jer kibi,

oǵan qanday tuqım sewseń, sonday ónim ósip shıǵadı. Ata-ana bolsa sol taza jerge birinshi tuqım egiwshi bolıp tabıladı. Bala kewilindegi birinshi ádep-ikramlıq ata-ana ekken tuqımnan ónip shıǵadı. Bul eń taza tuqım bolıwı kerek. Bul tuqımnıń tamırları insan kámalǵa kelgeninde júz beretuǵın is-háreketlerinde kórinedi. Jerge jaman tuqım ekken ata-ana onnan jaqsı ónim alıwdı úmit etpewi kerek degen edi akademik E.Yusupov óziniń izertlewlerinde [1].

Bazi bir ata - analar óz perzentleriniń tárbiyasızlıǵınan nalıydi. Biraq bul jaman illettiń qáliplesiwinde ózleri de ayıplı ekenligin tolıq ańlay almaydı. Eger áke perzentiniń ishki dúnyasın balalıǵınan ádep-ikramlılıq, ılım, óner, iyman, insap, diyanat, hadallıqtı uyretgende bunday jaǵdayǵa dús bolmaǵan bolar edi. Sonıń ushında xalqımızda "Balanı jastan", "Ne ekseń sonı orasań" degen maqal bala tárbiyasına tikkeley baylanıslı aytılǵan.

Ásirler dawamında ata-babalarımız tárepinen dórelgen, búgingi kúnde xalıq pedagogikasınıń tiykarǵı deregi bolǵan úrp-ádetler, dástúrler, naqıl-maqallar, ańız-ápsanalar, ertekler, ráwiyatlar, terme-tolǵawlar, qosıqlar, dástanlar jas áwladtı hár tárepleme jetik etip tárbiyalawda tiykarǵı orındı iyelep keledi.

"Xalıq pedagogikasında jaslardı ruwxıy tárepden jetilistiriw, olardıń jámiyetlik belsendiligin asırıw, idealogiyalıq, ádep-ikramlıq, watansúyiwshilik, miynet hám taǵı basqa sıpatların rawajlandırıw hám joqarı pazıyletlerdi qáliplestiriwdiń ájayıp, tań qalarlıq úlgileri bar. Xalıq pedagogikasında tiykarǵı maqset tárbiyaǵa qaratılǵan. Adam oqısa, úyrense bilim aladı. Biraq adamda bilim bolǵanı menen tárbiyası jaqsı bola bermeydi. Áne sol tárbiyanı qáliplestiriw ushın xalıq pedagogikası tárbiya mektebi xızmetin atqaradı. Xalıq pedagogikası misli okeandur. Onda tárbiyanıń barlıq túri jámlengen [2] .

Qaraqalpaq xalıq etnopedagogikası ózinde ádep-ikramlıq tárbiyasın sáwlelendiretuǵın oǵada bay folklorlıq shıǵarmalarǵa iye. Olardan, qaysı birin alıp qarasańızda, adamlar turmısında ushırasatuǵın ádillik hám ádilsizlik, insanıylıq hám nainsanıylıq, amanat hám amanatqa qıyanet, mártlik hám námártlik, hadallıq hám haramlıq, ádeplilik hám ádepsizlik sıyaqlı kóplegen qásiyetler, sıpatlar bir-birleri menen salıstırılıp kórsetiledi. Folklorlıq materiallardıń ishindegi xalıq dástanlarınıń barlıǵında da ádep-ikramlılıq, haqkewilliliq, iymanlılıq, shúkirliq, qanaatshıllıq, saqıqlıq sıyaqlı bir qatar unamlı qásiyetler aldıńǵı qatarǵa shıǵarılıp - xalqımızdıń etnopedaiogikası arqalı bala tárbiyası islerinde qollanıw ushın xalıqqa jetkerilgen [3].

Haqıyqatında qaraqalpaq xalıq dóretpelerinde tárbiyanıń barlıq túrleri óz kórinisin tapqan. Ásirese dástánlarda ádep-ikramlılıq máselesine ayrıqsha itibar qaratılǵan. Olarda adamlardıń ózindegi ádep-ikramlıq sıpatatlardı rawajlandırıw haqqında úlgi alarlıq mısallar sheshimin tabadı. "Qırıq qız", "Alpamıs", "Er Ziywar", "Edige" hám taǵı basqa dástanlar XXI ásir jasların ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda kútá úlken ro'l oynaydı. Dástánlardaǵı hár bir qaharman hám olardıń is-háreketleri, júris-turısı, qaharmanlıqları házirgi zaman jasları psixologiyasina óz tasirin tiygiziwi anıq. Dástanlardı oqıp, esitip ósken hár bir jas áwlad ana-watanına, el-jurtına, ata-anasına, aǵayın-tuwǵanına, doslarına, aǵa-inilerine, ájapa hám qarındaslarına húrmet, doslıq, muhabbat, sıylasıq, ata-babalar miyraslarına sadıqlıq ruwxında tárbiyalanadı.

"Alpamıs" dástánında xalıq batırı Alpamıstıń aqıllı, mehriban, iybeli, sulıw yarı Gúlparshın ádep-ikfamlılıq tımsali sıpatında sáwlelenedi. Alpamıs batırdı xalıq qanday tereń húrmetlese, Gúlparshındı da sonday húrmet etedi. Sebebi Gúlparshın óziniń gózzal ádebi menen hámmege órnek boladı, tereń aqılı menen batırdıń aqıl qosadı, onıń dushpanlar menen gúreste jeńiske erisiwine járdem beredi.

Gúlparshın hadallıq, óz muhabbatına sadıqlıq qásiyetleri menen basqalarǵa úlgi boladı. Gúlparshın óz watanı bolǵan, tuwıp-ósken jeri - Baysındı janınday jaqsı kóredi. Qalmaq eliniń patshası Tayshaxannıń, sol eldiń batırı Qarajannıń Gúlparshındı «hayallıqqa alaman!» degen talasıwlarınan ol aqıllılıq hám ádep-ikramlılıq penen qutıladı. Alpamısqa degen muhabbatın taza saqlaydı.

Kimińdi qul demeymen,
Kimińdi tul demeymen,
Kimińdi xan demeymen,
Kimińdi qara demeymen,
Atı ozǵanǵa tiyemen [4] – dep ózine jawshılarǵa ádep-ikramlılıq, aqıl menen húrmet kórsetip, eki táreptiń óz-ara jánjellesiwiniń aldın aladı.

«Qoblan» dástanında Qurtqa óziniń aqıllılıǵı, iybeliligi, ádebi, sadıqlıǵı menen súyikli yar sıpatında órnek boladı. Qurtqa júdá sulıw, júdá aqıllı, hámme waqıtta Qoblanǵa keńesgóy, járdemshi etip súwretlenedi. Batır ashıwǵa mingende Qurtqa onı aqıl menen tınıshlandıradı. Harıp-sharshap urıs maydanınan qaytqanda, atın jılawlap ózi kútip aladı. Batırdıń Tori attı anasınıń qarnınan baslap onıń tulpar ekenin bilip, batırǵa ılayıq etip Qurtqa baǵıp ósirgen. Qoblan Qurtqanı ómirlik joldası, dostı, aqılgóyi sıpatında tereń húrmetleydi. Ol xalıqtıń dushpanlarına qarsı urısqa atlanarda ata-anasınan, soń Qurtqadan ruxsat aladı. Eger Qurtqa urısqa atlanıwdı kerek dep maqullamasa batır ol saparın toqtatadı. Qurtqa oń sapar tilep, urısqa atlandırsa Qoblan hámme waqıt jeńis penen qaytadı. Dástánda xalıq súygen batırdıń asqan aqıllı usınday hayalı bolmaǵanda, Torı atı bolmaǵanda atlanısları sátsiz bolar edi. Demek Qoblan batırdıń el qorǵawı, xalıq dushpanların jeńip, qorǵanlardı qulatıp, júrgeniniń barlıǵı tikkeley Qurtqaǵa baylanıslı. Qurtqa hámme nársege aqıl-parasat penen qaraydı. Bolajaqtı aldınnan boljay aladı. Sana-sezimi menen aldı-artın, keleshegin oylap, bilip otıradı. Ol xalıq súygen batırǵa hesh jamanlıq bolmawın, onıń hesh de súrnikpewin támiyinleydi.

Qurtqa batırǵa tek járdemshi, aqılgóy ǵana emes, xalıq súygen batır perzentler menen teńdey turıp el namısın qorǵawshı, gúresshеń hayal-qızlar, wákili, jawızlıqqa xalıqqa jasalǵan qısımlarǵa shıday almaydı. Aqıl menen jol tawıp, xalıq baxıtın qorǵaydı.

Sonday-aq jaslardıń ádep-ikramlıqqa tárbiyalaw máselesinde qaraqalpaq qaharmanlıq dástanı «Qırıq qız» júdá dıqqatqa ılayıq.

Talshıbıqtay tawlanǵan,
Altın kibi puwlanǵan,
Qara qaslı, qolań shashlı,
Jawdır kózli shiyrin sózli [5] – táriyiplengen Gúlayım er júrekli, aqıllı, batır hám sulıw, ádep-ikramlı qız bolıp erjetedi. Onıń sulıwlıǵına, ádebine hámme el tań qaladı. Gúlayım baslaǵan qızlar ar-namıslı, ózlerin hesh kimniń masqaralawına jol qoymaydı. Olardıń eldi sırtqı dushpanlardıń shabıwınan qorǵawdan ibarat maqseti bar. Bári sol iygilikli maqseti jolında xızmet etedi.

Gúlayım onbes jasına kelgende qasına qırıq qız ertip, atasınan «Miywalı» degen atawdı sorap alıp, oǵan qorǵan saldıradı. Sırttan dushpan buza almaytuǵın etip qorǵandı qola menen quydıradı. Qorǵannıń ishin Gúlayımnıń basshılıǵında qızlar baw-baǵshaǵa aylandıradı.

«Miywalı» ataw baǵ boldı,
Jaynaǵan gúller ashıldı.
Ishinde búlbil sayradı,
Miywalar pisip jaynadı,
Xalqı menen Gúlayım,
Ullı toydı toyladı» [5].

Dástándı oqıp, úyreniw arqalı Gúlayım hám onıń qırıq qızında qáliplesken álpayımlıq, sabırlılıq, ádeplilik, insanıylıq, kishipeyillik, xáq kewillik, tártiplıq, kórgenlilik, ata-ananı hurmetlew, watandı qorǵaw sıyaqlı ádep-ikramlılıq sıpatlardı búgingi dáwir jasları óz boyına sińdirip barsa, milliy tárbiyanıń dawam etiwine úles qosqan boladı.

Sonıń menen birge dástánda keń qollanılǵan milliy tarbiya usılları jaslardı ádep-ikramlıqqa tárbiyalaw barısında adamgershilik sıpatlardı qáliplestiriw maqsetinde

qaraladı. Shuǵıl sózge ermew, kisini sırtınan saymaw, ótirik sóylemew, jaman islerden awlaq bolıw, haqiyqatlıqqa tuwra qaraw, márt bolıw, óz sózinde turıw, úlkenge húrmet, kishige izzet kórsetiw, ata-ananı húrmetlew, el-xalıq, watan mápin hámme nárseden ústin qoyıy kerekligi uqtırıladı. Sonıń ushın da dástandi uyrengen waqtımızda Gúlayım hám onıń qırq qızında usı qásiyetlerdiń jámleskenligin kóremiz.

E.Orazımbetov óziniń izertlewlerinde “Qırq qız” dástánı haqqında “Dástánnıń tiykarǵı ideyası jaslardı hadal miynet etiw, watandı qorǵaw, tuwılǵan jurttıń ǵárezsizligi ushın gúresiwge shaqırıwdan ibarat. Onda jaslardı mártlikke, batırlıqqa shaqıratuǵın sonday qatarlar bar, bul qatarlardı oqıǵan hár bir oqıwshı dástán qaharmanları menen bir qádemde bolıwı anıq” – dep jazadı [5].

Álbette, qaraqalpaq xalıq awız eki dóretpeleriniń hár birinde insanlardıń bir-biri menen ádep-ikramlı qarım-qatnası, izzet-hurmeti ayrıqsha orın iyeleytuǵınlıǵı, onıń tárbiyalıq áhmiyeti hám tásiri haqqında bahalı pikirler keltlrilgen.

Sonıń ushında qaraqalpaq xalıq awız eki dóretpeleri:
- tereń mániligi;
- ıqshamlılıǵı;
- ápiwayılıligi.
- óz-ara uyǵınlılıǵı;
- kóp variantlılıǵı;
- tárbiyalıq usıllardıń tásirsheńligi menen úlken áhmiyetke iye.

Shańaraqta da ata-ana balalarına mudamı ádep-ikramı menen órnek bolıwı kerek. Xalqımızda “Qus uyada neni kórse, ushqanda sonı qıladı” degen danalıq sóz bar. Bala baqshaları, mektepler, kásip-óner mektepleri hám joqarı oqıw orınlarında da tárbiyashi-oqıtıwshılar tálim-tárbiya beriw barısında óziniń is-háreketleri, ádep-ikramı, tuwrı sózi menen órnek bolıwı kerek. Ustazdıń qarım-qatnas ádebi jaslarda ádep-ikralılıq kompetentleriniń qáliplesiwin támiyinleydi. Sonday-aq, búgingi kúnde ádep-ikramlılıq tárbiyanıń eń jaydırıwdıń zamanagóy qurallarınan biri sociyallıq tarmaqlar hám teleradio esaplanadı. Teleradio arqalı milliy miyraslar haqqında turaqlı kórsetiwler, esittiriwler qoyılıp barılsa jaslardıń jaqsı tálim-tárbiya alıwına úles qosadı.

Juumaqlap aytqanda qaraqalpaq xalıq dástanlarında jámlengen qaraqalpaq xalıq etnopedagogikası materiallarında jaslardı ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw isleri dáslep ata-ananıń, keyin arnawlı ustazlardıń, tárbiyashılardıń basshılıǵında ámelge asırılǵan. Dástanlardıń eń dıqqat-itibardı tartatuǵıńlıǵınıń tiykarǵı sebebi-bunda jaslarǵa kishkeneliginen baslap ádep-ikram tárbiyasın beriw, eldiń keleshegin oylaw, opadarlıq, doslıq, amanat, isenim hám basqada unamlı sıpatlardıń sawleleniwinde kórinedi.

Xalıq dástanlarındaǵı kaharmanlardıń obrazların salıstırıwlar arqalı oqıwshılar ádeplilik hám ádepsizlik, iyman hám insap, jaqsı menen jaman haqqında ájayıp túsiniklerge iye boladı.

Qaraqalpaq xalıq etnopedagogikası materiallarında ádep-ikram tárbiyası máseleleri qashan, neni hám qalay tárbiyalaw kerek degen mashqalalarda óz sáwleleniwin tabadı. Bul mashqalalardıń sheshiliwi de biziń milliy úrp-ádet dástúrlerimizge sáykes keledi.

Xalıq dástanları, ondaǵı pedagogikalıq mazmunǵa iye bolǵan kórinisler, olardı tárbiya islerinde paydalanıw — qarakalpaq xalıq pedagogikasınıń dúrdanalarına ashılǵan sátli qádemlerdiń biri bolıp esanlanadı. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası materialları muǵallimlerge, tárbiyashılarǵa bala tárbiyası menen shuǵıllanıwshı barlıq ata-analarǵa tárbiya islerinde sózsiz unamlı tásirin tiygizedi.

Juwmaqlap aytqanda qaraqalpaq xalıq dóretpelerinde jaslardı ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawdın túrli usılları jámlengen. Olardıń eń itibardı tartatuǵıńlıǵınıń tiykarǵı belgisi hár bir insanǵa ózin-ózi tárbiyalaw, danıshpanlıqqa qulaq túriw ádep-ikramlıq tárbiyanıń tiykarı ekenligin kórsetedi. Onda keleshekti oylaw, opadarlıq, doslıq, amanat, isenim hám basqada sıpatlar tereń sáwlelengen. Olardı oqıw arqalı ádep hám ádepsizlik, iyman, insap, jaqsılıq hám jamanlıq haqqında túsinikke iye bolamız. Sonlıqtan qraqalpaq xalıq dóretpelerindegi tárbiya máselelerin hár tárepleme úyreniw, izertlew hám shańaraqta, oqıw orınlarında keń qollanıw jas áwladqa tálim-tárbiya beriw jumıslarında unamlı tásirin tiygizedi.

**Ádebiyatlar**


1. Юсупов Э., Юсупов Ў. Оила-маънавият булоғи. -Т.: 2003. 104-б.
2. Orazımbetov E.K. Қорақалпоқ халқ педагогикасида ёшларни ватанпарварликка тарбиялаш анъаналари . п.ф.б.ф.д. (PhD). . дис. ... Авторе ф. – Нукус: 2024. 24-б.
3. Қарақалпақ этнопедагогикасы. Муаллифлар жамоаси. -Н.: «Билим», 2010. 128-б.
4. Қарақалпақ фолклоры. Көп томлық. VII том. Алпамыс дәстаны. -Н.: 1981. 217-б.
5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. VI том. Қырық қыз дәстаны. -Н.: 1980. 463-б.



**REZYUME.** maqolada qaroqalpoq xalq ijodiyati asosida yoshlarni adob-aqloqqa ta’rbiyalash vaziypalari ha’r tomonlama pedagogikaliq nuqtay-nazardan bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье описывается положение каракалпакского народа и проблемы литературного воспитания молодежи с педагогической точки зрения.

**SUMMARY.** The article describes the situation of the Karakalpak people and the problems of literary education of youth from a pedagogical point of view.


## BO‘LAJAK TABIIY FAN O‘QITUVCHILARINING KASBIY KOMPETENTLIKNI RIVOJLANTIRISH


**B.Yakubova** – *tayanch doktorant*

*O‘zbekiston milliy universiteti*



**Tayanch so‘zlar:** kompetensiya, kasbiy, maxsus, umummadaniy, shaxsiy kompetensiyalar, tabiiy fanlar, kasbiy kompetentlik modeli.

**Ключевые слова:** компетенция, профессиональный, специальный, личностная компетентность, естественные науки, модель профессиональной компетентности.

**Key words:** competence, professional, special, universal, personal competence, natural sciences, model of professional competence.


**Kirish.** Har bir jamiyatning kelajagi uning ajralmas qismi va hayotiy ehtiyoji bo‘lgan ta’lim tizimining qay darajada rivojlanganligi bilan belgilanadi. Jumladan, Prezidentimizning 2022-yil 28-yanvardagi «2022-2026 yillarda mo‘ljallangan Yangi O‘zbekistonning Taraqqiyot strategiyasi to‘g‘risida»gi PF-60-sonli farmonida ham ta’lim tizimini takomillashtirish va shu orqali o‘quvchi-yoshlarning yetuk, barkamol shaxs sifatida kamol topishlariga qaratilgan ustuvor vazifalar kiritilgan [9].

“Kompetensiya” so‘zi «layoqatli», «mos bo‘lish» ma’nolarni anglatuvchi lotincha “competere” so‘zi asosida hosil bo‘lgan [2:155]. «Kompetensiya» asosan insonning biror-bir ishni qila olishi, o‘z yo’nalishini professionali bo‘lishi tushuniladi. «Kompetentlik» tushunchasi ta’lim sohasida psixologik izlanishlar natijasida paydo bo‘lgan [8: 5-10]

Kompetensiya bu ko‘nikma, malaka, qadriyat, boshqa shaxsiy sifatlar ijobiy natijalarni faoliyatda ko‘rinishi.